# Йесо Чырыстийы райгуырд

1 Уыцы рæстæг кесæр Август бафæдзæхста æппæт бæстæйы адæмы
сфыссын. 2 Ацы сфыст уыди фыццаг; арæзт æрцыди, Квирини
Сирийæн хицауиуæг куы кодта, уыцы заман. 3 Æмæ алчидæр йæхи
ныффыссын кæнынмæ ацыд йæ сахармæ. 4 Иосиф дæр галилейаг
сахар Назаретæй ацыд Иудейæмæ, Вифлеем кæй хонынц, Давиды
уыцы сахармæ, уымæн æмæ Давиды хæдзарвæндагæй уыди, йæ
байзæддаг. 5 Ныффыссын кæнынмæ ацыди куырдуаты йын бадæг
Мариаимæ; Мариа та æнхъæлцау уыди. 6 Вифлеемы куы уыдысты,
уæд Мариайæн æрхæццæ арынафон. 7 Æмæ ныййардта йæ фыццаг
Лæппуйы, батыхта Йæ хæцъилты æмæ Иæ нывæрдта кæвдæсы,
уымæн æмæ сын фысымуаты бынат нæ разынд. 8 Уыцы ран,
быдыры, уыдысты фыййæуттæ. Уыдон æхсæвы хъахъхъæдтой сæ
дзуг. 9 Фыййæутты раз февзæрд Хуыцауы зæд; Хуыцауы намыс сæ
ныррухс кодта, æмæ стыр тасы бафтыдысты. 10 Фæлæ сын зæд
загъта: «Ма тæрсут, æз уæм æрхастон, æппæт адæм кæмæй
схайджын уыдзысты, ахæм стыр цин: 11 абон уын Давиды сахары
райгуырд Ирвæзынгæнæг — Хицау Чырысти. 12 Мæнæ Йæ уымæй
базондзыстут: Сывæллоны ссардзыстут хаецъилты тыхтæй,
кæвдæсы хуысгæйæ». 13 Зæдимæ æваст баиу сты бирæ æндæр
уæларвон зæдтæ, æмæ сдыдтой Хуыцауы: 14 «Намыс Хуыцауæн
уæлæрвты, зæххыл та фæрнджын уæнт, Хуыцау райгонд кæмæй у,
уыдон». 15 Зæдтæ сæ цурæй уæларвмæ куы сивгъуыдтой, уæд
фыййæуттæ кæрæдзийæн загътой: «Уæдæ фæцæуæм Вифлееммæ
æмæ фенæм, цы æрцыди — Хуыцау нын цæй тыххæй фехъусын
кодта, уый». 16 Атындзыдтой уырдæм; куы бахæццæ сты, уæд дзы
баййæфтой Мариа æмæ Иосифы, æмæ Сывæллоны кæвдæсы
хуысгæйæ. 17 Куы Йæ федтой, уæд радзырдтой, уыцы Сывæллоны
тыххæй сын цы загъдæуыд, уый. 18 Фыййæуттæ сын цы загътой,
уый дисы бафтыдта, чи сæ фехъуыста, уыдоны сеппæты дæр. 19
Мариа та æппæт уыдæттæ дардта йæ зæрдæйы арфы, æмæ сыл
нывæзта йæ хъуыдытæ. 20 Фыййæуттæ раздæхтысты, æмæ цы

фехъуыстой, цы федтой, уый тыххæй сдыдтой Хуыцауы. Æппæт дæр рауади, куыд сын загъдæуыд, афтæ.